



# OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

## ENTIMITE, SEKIRITE, AK DOSYE MEDIKAL ELEKTWONIK

Doktè w kapab deplase dosye medikal sou papye w yo mete nan dosye medikal elektwonik (electronic health records, EHRs) oswa li ka gentan ap sèvi ak EHRs. EHRs pèmèt doktè yo pi byen sèvi ak enfòmasyon yon fason pou amelyore kalite ak efikasite swen w ap resevwa, men EHRs p ap chanje pwoteksyon sou entimite oswa sekirite ki aplike a enfòmasyon sou sante w.

### EHRs ak Enfòmasyon sou Sante w

EHRs se vèsyon elektwonik dosye sou papye ou te gen nan klinik doktè w oswa tout lòt kote ou konn resevwa swen. Yon EHR kapab gen ladan antesedan medikal, nòt, ak lòt enfòmasyon konsènan sante w tankou sentòm, dyagnostik, medikaman, rezilta laboratwa, siy vital, vaksinasyon ou yo, ak rapò konsènan tès dyagnostik tankou radyografi.

Moun k ap bay swen yo ap travay ansanm ak lòt doktè, lopital, e ak asirans sante pou jwenn fason pou pataje enfòmasyon sa a. Yo ka pataje enfòmasyon ki nan EHR yo ak lòt òganizasyon ki enplike nan swen w depi gen sistèm enfòmasyon ki enstale ki pèmèt youn pale ak lòt. Yo ta dwe pataje enfòmasyon ki nan dosye sa yo sèlman nan objektif lalwa otorize oswa ou menm ou otorize.

Ou gen dwa sou entimite kèlkeswa enfòmasyon w yo ekri nan dosye papye oswa yo ekri nan yon dokiman elektwonik. Menm lwa federal ki te deja konn pwoteje enfòmasyon sou sante w yo aplikab tou pou EHRs.

### Avantaj pou Genyen EHRs

Menm si doktè ou fenk kòmanse mete dosye papye yo nan EHRs oswa li gentan ap sèvi ak EHRs nan klinik la, w ap gen pou w jwenn youn oswa plis nan avantaj apre yo

- **Kalite swen amelyore** Tank doktè w yo kòmanse sèvi ak EHRs epi yo kreye fason pou pataje enfòmasyon sou sante w yo ak lòt doktè avèk pwoteksyon, se tank l ap pi fasil pou tout moun travay ansanm pou asire yo ou jwenn swen ou bezwen an. Pa egzanp:
  - o Enfòmasyon konsènan medikaman w yo ap disponib nan EHRs yon fason pou doktè ou yo pa ba ou yon lòt medikaman ki ka reprezante yon danje pou ou.
  - o Sistèm EHRs yo pwoteje menm jan ak pifò sistèm enfòmasyon, kidonk si katastwòf frappe zòn ou an, tankou siklòn, y ap ka prezève enfòmasyon sou sante w.
  - o EHRs kapab disponib nan yon ijans. Si w fè yon aksidan epi w pa kapab esplike antesedan medikal ou, yon lopital ki gen yon sistèm ap kapab pale ak sistèm doktè ou. Lopital la ap jwenn enfòmasyon konsènan medikaman, pwoblèm sante, ak tès ou yo, yon fason pou yo pran desizyon pi rapid konsènan swen ann ijans ou bezwen epi pou yo byen enfòme de sa.

- **Pi bon swen** Doktè k ap sèvi ak EHRs kapab wè li pi fasil oswa pi rapid pou jwenn rezilta laboratwa ou yo epi pataje pwogrè yo avèk ou. Si sistèm doktè w yo kapab pataje enfòmasyon, yon doktè kapab wè rezilta tès yon lòt doktè, donk ou p ap toujou bezwen refè yon tès. Espesyalman avèk radyografi ak kèk tès laboratwa, sa vle di ou gen mwens risk pou radyoterapi ak lòt efè segondè. Lè w pa refè tès yo si sa pa nesèsè, sa vle di tou ou peye mwens lajan pou swen sante w nan bay lajan kopey ak lajan dediktib
- **Pi bon swen pratik** EHRs kapab fè doktè yo kontakte w lè moman an rive pou fè kèk tès depistaj. Lè doktè, famasi, laboratwa, ak lòt manm nan ekip k ap ba w swen an kapab pataje enfòmasyon, ou ka pa gen pou w ranpli menm fòmilè yo ankò, rete tann dosye sou pape yo pou w ka soti nan men yon doktè al nan yon lòt, oswa pou ou pote dosye sa yo ou menm.

### Kenbe enfòmasyon elektwonik sou sante w an sekirite

Pifò nan nou santi enfòmasyon sou sante nou entim epi yo ta dwe pwoteje. Gouvènman federal mete an plas Lwa sou Pòtablite ak Responsablite nan Asisrans Sante an 1996 (HIPAA) Règleman sou Entimite pou asire l ou gen dwa sou pwòp enfòmasyon sou sante ou, sou nenpòt fòm li ye a. Gouvènman an kreye tou Règleman sou Sekirite HIPAA a pou mande pwoteksyon espesifik pou pwoteje enfòmasyon elektwonik sou sante w. Kèk mezi posib ki fè pati sistèm EHR la kapab genyen ladan:

- Zouti "kontwòl d aksè" tankou modpas ak nimewo PIN, pou limite kantite aksè moun ki otorize yo genyen a enfòmasyon w yo.
- "kriptè" enfòmasyon w ki stoke yo. Sa vle di moun p ap ka li oswa konprann enfòmasyon sou sante w yo eksepte moun ki gen sistèm ki kapab "dekriptè" l avèk yon "kle".
- Yon karakteristik "pis verifikasyon", ki anrejistre moun ki te gen aksè ak enfòmasyon w lan, ki chanjman ki te fèt epi kilè.

Finalman, lwa federal egzije doktè, lopital, ak lòt moun k ap bay swen pou yo fè w konnen de tout vyolasyon. Lalwa egzije tou pou moun k ap bay swen sante yo pou avèti Minis Sante ak Sèvis Sosyal. Si yon vyolasyon gen efè sou plis pase 500 rezidan nan yon eta oswa jiridiksyon, moun k ap bay swen sante a dwe avèti tou medya enpòtan k ap sèvi eta oswa jiridiksyon an. Egzijans sa a ede pasyan yo konnen si gen yon bagay ki mal pase avèk pwoteksyon enfòmasyon yo a epi li ede yo rann doktè yo responsab pou pwoteksyon EHR.

Pou aprann, vizit [www.hhs.gov/ocr/privacy/](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/).

Pou plis enfòmasyon, vizite [www.hhs.gov/ocr/](http://www.hhs.gov/ocr/).

Biwo Depatman Sante ak Sèvis sosyal  
Ozetazini pou Dwa sivil (OCR).

